



Pou Piblikasyon Imedya: 27/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 6.3 MILYON DOLA POU SIPÒTE SÈVIS VIKTIM NAN KOMINOTE KI FRAPE PI DI PA VYOLANS AK ZAM YO**

*Sibvansyon dezan pral pèmèt sèt pwogram nan Konte Brooklyn, Manhattan ak Albany, Konte Erie ak Onondaga pou elaji travay kont vyolans ak zam epi ogmante sèvis yo pou viktim yo ak fanmi yo*

*Yo anonse nouvo finansman pandan Eta New York ap selebre Semèn Nasyonal Dwa Viktim Krim yo*

*Gouvènè Hochul pibliye [Pwoklamasyon](#), ki mande moniman istorik Eta yo pou yo limen ble, vèt ak oranj aswè a pou rekonèt enpòtans dwa viktim yo ak aksè ak jistis*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plis pase 6.3 milyon dola nan kad finansman federal ki pral pèmèt sèt pwogram nan konte Brooklyn ak Manhattan ak Albany, konte Erie ak Onondaga elaji travay kont vyolans ak zam yo epi ogmante sèvis enpòtan pou viktim yo ak fanmi yo. Administratè pa Biwo Sèvis pou Viktim (Office of Victim Services, OVS) Eta New York, sibvansyon dezan yo pral finanse anplwaye sansibilizasyon yo pou konekte ak viktim yo ak fanmi yo, sekouris kriz yo, travayè sosyal ki gen lisans yo ak lòt anplwaye yo, ansanm ak fòmasyon, ekipman ak finansman ijans pou atik esansyèl tankou rad, lojman ak depans pou transpò.

"New York p ap janm renonse ak angajman li pou asire ke viktim vyolans ak zam yo ak lòt viktim krim yo ka jwenn aksè ak sèvis yo nenpòt kote ak nenpòt lè yo bezwen yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "N ap adopte yon apwòch konplè pou abòde vyolans ak zam pandan n ap asire tou ke tout Nouyòkè yo, kèlkeswa ras yo oswa orijin yo, yo trete yo ak diyite ak respè. Finansman sa a pral pèmèt pwogram yo elaji pòte yo epi bay moun ak fanmi yo èd ak sipò enpòtan, ki gen ladan sèvis sante mantal pou abòde twomatiz ki soti nan ekspozisyon vyolans kominotè alontèm."

Gouvènè Hochul te anonse sibvansyon yo epi li te pibliye [yon pwoklamasyon](#) deziyen semèn sa a kòm Semèn Nasyonal Dwa Viktim Krim (National Crime Victims' Rights Week) nan Eta New York. Gouvènè a te mande tou pou byen eta sa yo limen ble, vèt ak oranj - koulè yo deziyen pou obsèvan nasyonal ane sa a - aswè a, 27 avril, pou rekonèt enpòtans dwa viktim yo ak aksè a jistis:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Kosciuszko Bridge
- Batiman H. Carl McCall SUNY (H. Carl McCall SUNY Building)
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) a
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Konplèks Olenpik pou Sote Lak Placid (Lake Placid Olympic Jumping Complex)
- Pon Flotan nan Fairport sou Kanal Erie a.

**Elizabeth Cronin, ki se Direktris Biwo Sèvis pou Viktim yo, te deklare,** "OVS fyè pou li sipòte pwogram sa yo ak travay enpòtan y ap fè nan kominote yo k ap konbat ak ogmantasyon vyolans ak zam sinifikatif depi nan kòmansman pandemi COVID la. Yo non sèlman reponn imedyatman apre yon krim, men yo bay sipò ak sèvis alontèm pou ede moun ak fanmi yo reyensere yo nan lavi a epi avanse apre yon evènman ki lakoz twomatiz."

**Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) Eta a, Rossana Rosado, te deklare,** "Nou kontinye tande byen fò ak klè kominote yo kote gen plis bezwen pou abòde enpak devastatè vyolans zam lan. Mwen felisite kòlèg mwen yo nan Biwo Sèvis pou Viktim yo paske yo te travay sere ak òganizasyon kominotè yo pou rasyonnalize aksè ak finansman enpòtan sa a pou viktim krim yo. Sibvansyon sa yo pral ede sèvi plis Nouyòkè, bay resous enpòtan pou kominote yo, epi konplete pwogram, tankou pwogram Sansibilizasyon nan Lari SNUG (SNUG Street Outreach) la, ke DCJS sipòte sou teren an. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou lidchip kontinyèl li pou anpeche ak diminye vyolans ak zam ak resous enpòtan li te jwenn nan bidjè ki te fèk adopte a."

**Senatè Chuck Schumer te deklare,** "Youn nan pi bon fason pou diminye vyolans ak zam se lè w ogmante resous yo bay òganizatè lokal ki gen eksperyans ak gwoup ki gen relasyon pou anpeche vyolans ak pou diminye sityasyon danjere yo. Mwen fyè pou m bay plis pase 6 milyon dola nan fon federal pou pwogram Entèvansyon kont Vyolans Kominotè (Community Violence Intervention, CVI) yo soti Buffalo rive Brooklyn pou ede evite ensidan vyolans ak zam yo anvan sa rive nan montre jèn yo gen opòtinite pou yon pi bon avni. Depi lontan New York se yon lidè nan CVI, epi pwogram sa yo toujou montre yo trè efikas, se poutèt sa mwen pral kontinye goumen pou ranfòse finansman pou pwogram sa yo k ap sove lavi pou kenbe kominote nou yo an sekirite."

**Senatè Kirsten Gillibrand te deklare,** "Pandan kèk ane ki sot pase yo, nou te temwen yon ogmantasyon twouban nan krim vyolan atravè nasyon nou an ak eta nou an. Nou dwe fè plis pou konbat vyolans ak zam ak sipòte viktim yo ak fanmi yo, e sa se yon etap

enpòtan nan bon direksyon an. Mwen espere kontinye travay ak Gouvènè Hochul pou konbat krim epi kenbe kominote nou yo an sekirite."

**Reprezantan Hakeem Jeffries te deklare,** "Vyolans ak zam menase epi afekte nou tout, sitou timoun nou yo. Li pral pran yon apwòch tout men nan pat la pou mete fen nan flewo trajik sa a, rann lari nou yo pi an sekirite epi sipòte manm kominote yo ki afekte pa twomatiz endividyèl ak kolektif. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te deziyen 6.3 milyon dola nan finansman federal, ki gen ladan 1.5 milyon dola pou Elite Learners ak 980,000 dola pou Kings Against Violence Initiative (Inisyativ Kings Kont Vyolans) nan Brooklyn, pou elaji pwogram kont vyolans ak zam ak bay sipò ak sèvis ki nesèsè pou viktim yo ak fanmi yo."

**Deklarasyon Senatè Eta a Zellnor Myrie.** "Vyolans ak zam se yon pwoblèm konplèks ki bezwen solisyon konplè. Mwen, ansanm ak ansyen Manm Asanble a ki kounye a se Prezidan Adjwen Minisipalite Brooklyn lan, Diana Richardson, te patwone Lwa Entèvansyon kont Vyolans Kominotè (Community Violence Intervention Act) a paske gwoup entèripsyon vyolans yo fè prèv yo pou sispann sik vyolans lan anvan li kòmanse epi adrese bezwen ki pi imedyà viktim yo, sivivan yo ak kominote yo. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak OVS paske yo te rann li pi fasil pou gwoup nan distri mwen an aplike epi resevwa finansman ki nesèsè sa a, ki pral ede yo sèvi plis moun epi planifye pou lavni. Mwen ankouraje OVS pou li kontinye chèche fason pou asire finansman VOCA yo disponib fasilman pou gwoup yo k ap fè travay enpòtan sa a sou teren an."

**Manm Asanble a Michaelle C. Solages te deklare,** "Nan kad lidèchip Gouvènè Kathy Hochul ak Gwoup Lejislatif Nwa, Pòtoriken, Espanyòl, Azyatik la, New York te priyore itilizasyon apwòch ki pran an konsiderasyon twomatiz pou adrese vyolans k ap monte nan katye nou yo. Kèlkeswa ki lè ak ki kote vyolans lan rive, règleman prevansyon yo pral pèmèt nou redwi aksè a zam afe ilegal epi amelyore sekirite jeneral rezidan yo. Asire investisman kontinyèl nan òganizasyon ki baze nan kominote a yo pral ede abòde kòz rasin vyolans yo, amelyore rezilta sante yo, epi kraze sik domaj yo nan kominote majinalize yo."

**Majistra Vil New York, Eric Adams, te deklare,** "Genyen anpil rivyè ki alimante lanmè vyolans ak zam lan epi nou dwe mete baraj sou tout. NYPD te deja retire 2,300 zam nan lari nou yo ane sa a sèlman, men menm yon sèl zam ka bay Nouyòkè yo yon kantite doulè ki demontrab epi kreye nouvo viktim vyolans ak zam chak jou. Ansanm, an patenarya ak Gouvènè Hochul ak ajans fòs lòd yo nan nivo lokal, eta ak federal, n ap travay pou koupe sikilasyon zam ilegal nan vil nou an, epi n ap investi nan sèvis sipò pou viktim yo ki abandone pa pis vyolans ak zam lan. Mwen remèsye gouvènè a pou anons finansman jodi a ak volonte li pou li konsakre resous ki nesèsè pou sipòte viktim vyolans ak zam yo."

**Majistra Albany an, Kathy Sheehan te deklare,** "Sipò kontinyèl Gouvènè Hochul nan SNUG ak lòt pwogram prevansyon kont vyolans ak zam yo ki pwouve yo te ede diminye fiziyad a plis pase 30% an 2021. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li demontre yon

lòt fwa ankò jistis ak sekirite piblik kapab - e yo dwe - mache men nan men pou kenbe rezidan nou yo an sekirite".

**Majistra Buffalo Byron Brown te deklare,** "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li sipòte gwo travay pwogram SNUG ECMC a, ki deja fè prè li nan itilizasyon yon apwòch ki pran an konsiderasyon tomatiz yon fason efikas pou pran swen moun ki swa temwen oswa ki te viktim vyolans ak zam. Travay yo ede kraze sik vyolans lan, ki detwi lavi moun ak detwi katye yo. Efò prevansyon vyolans sa yo ak pratik restoratif yo se yon eleman enpòtan nan estrateji konplè Vil nou an, ki anplwaye tou fòs lòd efikas ak kreyasyon opòtinite travay, pou redwi vyolans ak zam k ap afekte vil yo atravè nasyon an."

**Majistra Syracuse la, Ben Walsh te deklare,** "Ogmantasyon resous pou rekile vyolans ak zam se youn nan priyorite enpòtan mwen te pataje ak ekip Gouvènè Hochul la lè li te kòmanse konstwi bidjè eta a. Nou te mande finansman pou plizyè ane pou elaji pwogram vyolans kont zam yo epi ede viktim yo ak fanmi yo. Sibvansyon dezan sa yo pou òganizasyon ki devan li yo nan Syracuse ak Konte Onondaga montre Gouvènè a te koute epi li te reponn. Nou bezwen tout resous posib pou simonte vyolans ak zam epi ede timoun nou yo, epi mwen apresye èd Gouvènè Hochul bay Syracuse."

Lwa Entèvansyon kont Vyolans Kominotè a deziyen chak ane yon pati nan finansman Lwa sou Viktim Krim federal yo pou pwogram k ap sèvi kominote yo ki frape pi di pa vyolans ak zam. Envestisman sa a baze sou patenarya Biwo Sèvis pou Viktim ak Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl eta a, ki finanse travayè sosyal yo ak jesyonè dosye yo nan 12 pwogram SNUG Street Outreach ke eta a sipòte. Pwogram SNUG la trete vyolans ak zam kòm yon pwoblèm sante piblik nan idantifye sous li, entèwonp transmisyon an epi trete li nan angaje kominote yo epi konekte moun ak sèvis ak sipò.

Ekstansyon Dekrè Egzekitif 211 Gouvènè Hochul te pèmèt Biwo Sèvis pou Viktim yo rasyonnalize pwosesis aplikasyon li an epi travay dirèkteman ak pwogram ki enterese jwenn finansman yo. Òganizasyon sa yo pral resevwa 6.36 milyon dola sou de zan:

- Living Redemption Youth Opportunity Hub (Manhattan): 1.95 milyon dola
- Elite Learners (Brooklyn): 1.5 milyon dola
- Kings Against Violence Initiative (Brooklyn): 980,000 dola
- McMahon Ryan Child Advocacy Center (Onondaga): 670,000 dola
- New Yorkers Against Gun Violence (Manhattan): 580,000 dola
- Erie County Medical Center (Erie): 430,000 dola
- Trinity Alliance (Albany): 250,000 dola

Anplwaye Biwo Sèvis Viktim yo kontinye travay ak lòt pwogram ki elijib pou finansman Lwa sou Entèvansyon kont Vyolans Kominotè a epi ajans lan prevwa pou li bay lòt sibvansyon. Living Redemption Youth Opportunity Hub, Elite Learners, Kings Against Violence Initiative, ak New Yorkers Against Gun Vyolans ap resevwa sibvansyon OVS yo pou premye fwa.

Ak ogmantasyon kat òganizasyon sa yo, OVS finanse kounye a 232 pwogram asistans pou viktim nan tout eta a. Gen plis enfòmasyon sou pwogram sa yo ki disponib atravè [OVS Resource Connect](#) (Koneksyon ak Resous OVS yo), yon platfòm sou entènèt ki fasil pou itilizatè ki pèmèt moun jwenn èd lè y ap chèche yon enkyetid oswa yon bezwen espesifik, oswa pa kòd postal oswa lye. Depi yo te lanse li nan prentan 2021 an, OVS Resource Connect gen an mwayèn anviwon 1,000 itilizatè pa mwa.

Anplis finansman pwogram asistans pou viktim yo, [Biwo Sèvis pou Viktim](#) lan ofri yon filè sekirite ki enpòtan pou moun yo ak/oswa manm fanmi yo, sa ki ede moun ki kalifye yo peye pou depans medikal ak pou depans sipò sikolojik yo, depans finèrè ak antèman yo, pèt salè yo ak sipò, anplis lòt asistans ankò.

Nan objektif sa, OVS te bay plis pase 18 milyon dola asistans finansye bay viktim krim yo ak fanmi pa yo an 2021. New York se sèl eta nan peyi a ki pa gen limit sou ranbousman pou bòdwo medikal oswa sipò sikolojik, sa vle di moun yo resevwa èd toutotan yo bezwen li. Finansman pou konpansasyon viktim krim yo pwodwi pa amann, frè ak frè siplemantè peye pa kèk moun ki kondane nan tribinal eta oswa federal.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418